

Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AKEYI RETOU EKIP PONPYE FORÈ SOVAJ NEW YORK YO LAKAY YO

Ekip Ponpye a ki gen Ladan Gad Forè ak Anplwaye DEC yo te Konbat De (2) Dife ki te Pran nan Forè Rejyon Nò California a

Foto Gad Forè ak Anplwaye k ap Retounen yo Disponib [La](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te akeyi lakay yo yon ekip ki gen 20 ponpye forè sovaj ki soti nan ran Gad Forè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ak nan lòt pwogram DEC yo ki te al ede konbat ak metrize dife forè nan Forè Nasyonal Klamath ak Plumas nan California. Ekip ponpye a te kòmanse travay yo nan California nan dat 9 Septanm, epi yo te retounen nan Rejyon Kapital la yèswa.

"Lè kominote ak eta yo bezwen èd, New York toujou ofri tèt nou kòm volontè", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Mwen fyè pou m akeyi retou ponpye vanyan sa yo, ki te ede konbat dife forè danjre yo nan California epi yo se modèl egzanplè ki montre prensip sakrifis ak sèvis Eta New York genyen anvè lòt yo."

Dife Lime lan ki te pran nan Forè Nasyonal Klamath la nan Konte Siskiyou te agrandi kouvri plis pase 728 ekta epi yo te bezwen anpil santèn ponpye pou metrize dife sa. Fonksyonè yo kwè se yon zèklè ki te deklanche dife a jou 4 Septanm lan epi li te simaye akoz gwo van yo. Dife Walker a te kòmanse 4 Septanm nan Forè Nasyonal Plumas la (Plumas National Forest) epi se te dezyèm dife ekip la te bay sipò pou ede metrize l. Yo deja metrize jiska 97 pousan dife a aktyèlman la epi li te agrandi rive yon gwosè ki mezire 22,096 ekta. Depi lè dife a te kòmanse a, yo te voye 1,073 anplwaye ototal al travay pou metrize Dife Walker a epi y ap kontinye ankèt pou detèmine kisa ki te lakoz li. W ap jwenn plis enfòmasyon sou dife sa yo ak lòt dife yo nan <https://inciweb.nwcg.gov/>.

- Ekip New York la te kreye liy kontwòl avèk zouti a men ak twonsonèz epi yo te itilize dife yo limen eksprè pou metrize pwopagasyon dife nan forè a epi pwoteje kay ki te menase yo. Manm ekip New York ki te reponn yo te gen ladan:
 - Aimee Bills, Gad Forè, Konte Otsego
 - James Canevari, Divizyon Pwason ak Bèt Sovaj (Division of Fish and Wildlife), Konte St. Lawrence
 - Joshua Choquette, Divizyon Pwason ak Bèt Sovaj, Konte Delaware
 - Shay Faulkner, Divizyon Operasyon (Division of Operations), Konte Allegany
 - Rebecca Ferry, Divizyon Pwason ak Bèt Sovaj, Konte Ulster

- Michael Giocondo, Divizyon Tèren ak Forè (Division of Lands and Forests), Konte Lewis
- Daniel Kinsley, Divizyon Jesyon Materyèl (Division of Materials Management), Konte Onondaga
- Stephanie Larkin, Divizyon Pwason ak Bèt Sovaj, Konte St. Lawrence
- Robert Mackenzie, Divizyon Tèren ak Forè, Konte Dutchess
- Gary Miller, Gad Forè, Konte Hamilton
- Phillip Parlier, Gad Forè, Konte Orange
- Robert Praczkajlo, Gad Forè, Konte Essex
- Scott Sabo, Gad Forè, Gad Forè, Konte Franklin
- Matthew Savarie, Gad Forè, Konte Lewis
- Nathaniel Shea, Gad Forè, Konte St. Lawrence
- Kevin Slade, Gad Forè, Chèf Ekip, Konte Ulster
- Mark Solan, Divizyon Jesyon Materyèl, Konte Washington
- Timothy Watson, Divizyon Pwason ak Bèt Sovaj, Konte Fulton
- Daniel Welc, Divizyon Tèren ak Forè, Konte Chenango
- Timothy Yeatts, Divizyon Pwason ak Bèt Sovaj, Konte Onondaga

Komisè DEC a, Basil Seggos, te deklare, "Mwen felisite Gad Forè ak anplwaye DEC yo pou sakrifis ak bravou yo pandan de semèn ki sot pase la yo paske yo te ede metrize dife nan forè sa yo epi pwoteje resous natirèl presye yo ak kominote yo. Nouyòkè yo dwe fyè de travay ekip ponpye nou yo fè pou konbat flanm sa yo, sa k ap bay yo ekspètiz pou yo konbat dife isit la lakay yo. Pandan prèske 40 an, New York te rete prè e ak volonte pou ede eta sè nou yo lè yo gen ijans".

An 1979, New York te voye premye ekip ponpye li a pou al ede eta zòn lwès yo konbat gwo dife nan forè yo. Depi lè sa, an mwayèn, yo konn voye youn oswa de ekip, jan sa nesèsè, pou ede metrize dife nan forè yo chak ane. Anplis de ede yo ede metrize dife yo ak diminye dega yo, ekip sa yo vin gen bon jan esperyans yo ka itilize pou konbat dife nan forè ak jere ensidan ki gen tout sòt risk nan New York.

Sèvis Forè Etazini an (U.S. Forest Service) swa peye dirèkteman, swa li ranbouse Eta New York la tout depans pèsonèl oswa vwayaj pou ekip Eta New York yo, sa ki baze sou yon akò èd mityèl ant eta yo ak ajans fonsye federal yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)